

**Tu me manques**

**逃しなさい**

**Вы мисс**

**Te extraño...**

**Saudades de você...**


みんなのまちを美しく！
ふんは飼い主が持ち帰って始末しましょう
東京都衛生局
保健所


犬のふん禁止
ここに立小便禁止


押ボタン信号


押ボタン信号
たつみや
工事中
片側交互通行規制実施中
徐行
歩行者通路

# Administrasyon Sekirite Sosyal
# Enfòmasyon ki enpòtan

**PREMYE PAJ LÈT SA A SE POU BAY ENFÒMASYON SÈLMAN.**
**PA RANPLI PAJ SA YO.**
**SA A SE PA YON APLIKASYON.**

**Ou ka elijib pou resevwa èd siplemantè pou peye pou medikaman doktè preskri ou.**

Pwogram Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon ap ba ou yon chwa plan preskripsyon k ap ofri w divès kalite pwoteksyon.

Ou ka anmezi pou resevwa èd siplemantè pou peye pou prim mansyèl, franchiz anyèl, ak kopeman ou ki asosye avèk nouvo pwogram Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon.

Men, anvan nou ka ede w, **ou dwe ranpli fòm aplikasyon an, mete li nan anvlòp ou jwenn nan, epi poste li jodi a**. Oswa ou kapab ranpli yon fòm aplikasyon sou Entènèt nan **www.socialsecurity.gov**. N ap revize aplikasyon ou epi n ap voye ba ou yon lèt pou fè w konnen si w kalifye pou resevwa èd siplemantè. Pou itilize èd siplemantè a, ou dwe enskri nan yon plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon.

Si w bezwen èd pou w ranpli fòm aplikasyon an, rele Sekirite Sosyal nan nimewo **1-800-772-1213** (TTY **1 800-325-0778**). Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan sit wèb **www.socialsecurity.gov**.

Si w bezwen enfòmasyon konsènan plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon, oswa sou fason pou anwole nan yon plan, rele nan nimewo 1-800-MEDICARE (TTY 1-877-486-2048) oswa ale nan sit wèb **www.medicare.gov**.

Poste aplikasyon ou jodi a. N ap fè w konnen yon desizyon konsènan si w kalifye pou resevwa èd siplemantè a.

Michael J. Astrue
Komisè

# Enstwiksyon jeneral pou Ranpli Fòm Aplikasyon pou Èd avèk frè Plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon

**Èske ou menm oswa moun k ap ede aplike a genyen Medicare ak Supplemental Security Income (SSI) (Revni Sekirite Siplemantè) oswa Medicare ak Medicaid?**

Si repons lan se **WI, pa ranpli fòm aplikasyon sa a paske w ap resevwa èd siplemantè a otomatikman.**

**Èske pwogram Medicaid eta kote w ap viv peye pou prim Medicare paske ou nan yon Pwogram Epay Medicare?**

Si repons lan se **WI, kontakte biwo Medicaid nan eta kote w ap viv la pou jwenn plis enfòmasyon. Ou kapab jwenn èd siplemantè a otomatikman epi ou kapab pa bezwen ranpli aplikasyon sa a.**

## Kouman Pou Ranpli Fòm Aplikasyon Sa a

- Sèvi ak **LANK NWA** sèlman
- **Kite chif yo, lèt yo ak X yo andedan kaz yo; itilize lèt MAJISKIL sèlman;**
- Pa ajoute okenn kòmantè ki ekri alamen sou aplikasyon an
- Pa itilize siy dola lè w ap antre kantite lajan yo; epi
- Santim yo ka awondi pou rive nan dola antye ki pi pre a.

***EGZANP***

**Mete yon X nan kaz la. PA ranpli kaz yo oswa pa fè ti kwa andedan yo.**

X — **KÒRÈK** | **ENKÒRÈK**

***EGZANP***

**Itilize lèt majiskil lè w ap mete repons yo.** A B C D

## Si W Ap Ede Yon Lòt Moun Ranpli Fòm Aplikasyon Sa a

Reponn kesyon yo tankou se moun nan ki t ap ranpli fòm aplikasyon an. Ou dwe konnen nimewo sekirite sosyal ak enfòmasyon finansyè moun nan. Epitou, ranpli Seksyon B ki nan paj 6.

## Kouman pou Ranpli Fòm Aplikasyon Ou

Ou ka ranpli fòm aplikasyon an sou Entènèt nan sit wèb **www.socialsecurity.gov** oswa itilize anvlòp ou jwenn nan ki tou gen adrès retou ak tenb lan epi retounen aplikasyon ou ki ranpli ak siyen nan:

**Administrasyon Sekirite Sosyal**
**Wilkes-Barre Data Operations Center**
**P.O. Box 1020**
**Wilkes-Barre, PA 18767-9910**

Retounen pake aplikasyon sa a nan anvlòp ou jwenn nan. Pa mete okenn lòt bagay nan anvlòp la. Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap kontakte ou.

## Si w Gen Kesyon Oswa Si W Bezwen Èd Pou W Ranpli Fòm Aplikasyon Sa a

Ou ka rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**, oswa si w soud oswa malantandan, ou ka rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

PA RANPLI PATI SA A. SA A SE PA YON APLIKASYON.

# Fason pou Jwenn Èd nan Medicare pou Depans Medikaman sou Preskripsyon

SA PA ENSKRI OU NAN PLAN MEDICARE POU MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON

**1.** Non moun ki aplike a: Ekri non an majiskil **jan li parèt sou kat Sekirite Sosyal** ou. Itilize yon ti bwat pou chak lèt.

**PRENON** **DEZYÈM PRENON**

**NON FANMI** **SIFIKS (JR., SR., ELATRIYE)**

**NIMEWO SEKIRITE SOSYAL MOUN KI APLIKE A** — **DAT MOUN KI APLIKE A FÈT (MWA-JOU-ANE)**

**2.** Si w marye epi w ap viv avèk konjwen ou, tanpri bay enfòmasyon ki annapre yo jan yo parèt sou kat Sekirite Sosyal konjwen ou. Si w marye kounye a oswa si w p ap viv avèk konjwen ou, sote kesyon 3 epi pa ajoute okenn enfòmasyon konsènan konjwen ou sou aplikasyon sa a.

**PRENON** **DEZYÈM PRENON**

**NON FANMI** **SIFIKS (JR., SR., ELATRIYE)**

**NIMEWO SEKIRITE SOSYAL KONJWEN AN** — **DAT KONJWEN AN FÈT (MWA-JOU-ANE)**

Si mari oswa madanm ou gen Medicare, èske li vle aplike tou pou li resevwa èd siplemantè? ☐ **WI** ☐ **NON**

**3.** Si w marye epi w ap viv ak konjwen ou, èske w genyen kont-depay, envestisman oswa byen imobilye ki vo plis pase $23,970? Si w pa marye oswa si w p ap viv avèk konjwen ou, èske w genyen kont-depay, envestisman oswa byen imobilye ki vo plis pase $11,990? **PA ajoute kay kote w ap viv la, veyikil, byen pèsonèl, plas nan simityè oswa kontra antèman ki irevokab.**

☐ **WI** — Si w mete yon X nan kaz **WI** a, **RETE LA**. Ou pa kalifye pou èd siplemantè a epi ou pa bezwen retounen fòm aplikasyon sa a ba nou. Si w bezwen yon lèt ki ki endike ou pa elijib, siyen fòm aplikasyon an nan paj 6 la epi retounen li ba nou.

☐ **NON OUBYEN PA SETEN** — Si w mete yon X nan kaz **NON** oswa nan kaz **PA SÈTEN**, ranpli rès fòm aplikasyon sa a epi retounen li ba nou.

**Si w mete yon ☒ nan kaz NON oswa PA SÈTEN nan kesyon 3, reponn tout kesyon sa yo. Si w marye epi w ap viv avèk mari oswa madanm ou, ou dwe reponn tout kesyon pou ou menm ak pou li.**

**4.** Tanpri antre kantite lajan ki nan tout kont labank ou, envestisman oswa lajan kach ou, mari oswa madanm ou ou (si w marye epi n ap viv ansanm) oswa nou toulède posede sa ki nan kaz anba yo. Ajoute atik nenpòt nan nou posede avèk yon lòt moun. Mete sèlman kantite dola yo, pa mete nimewo kont lan. Si ou menm oswa mari oswa madanm ou pa posede yon atik ki nan lis la, swa apa, ansanm oswa avèk yon lòt moun, mete yon ☒ nan kaz **OKENN** nan.

| | | |
|---|---|---|
| • Melanje tout kont labank (kont kouran, kont-depay ak sètifika depo) | ☐ **OKENN** | $ ___ , ___ . ___ |
| • Melanje total tout aksyon, obligasyon, bon kès, fon komen plasman, kont retrèt endividyèl (IRA) oswa lòt envestisman sanblab | ☐ **OKENN** | $ ___ , ___ . ___ |
| • Nenpòt lajan kach ki nan kay oswa ki nenpòt lòt kote | ☐ **OKENN** | $ ___ , ___ . ___ |

**5.** Èske w gen yon asirans-vi ki gen yon valè nominal total ki plis pase $1500? Reponn pou ou menm ak pou mari oswa madanm ou si konjwen ou ap viv avèk ou.
Si w reponn **NON** pou ou ak mari oswa madanm ou, ale nan kesyon 6.

**OU MENM:** ☐ **WI** ☐ **NON**

**MARI OSWA MADANM:** ☐ **WI** ☐ **NON**

**Si** w reponn **WI** pou ou menm oswa pou mari oswa madanm ou, konbyen lajan ou ta renmen resevwa si w konvèti kontra asirans ou yo an lajan kach kounye a? Antre kantite lajan an. Si w te reponn **WI** pou ou menm ak mari oswa madanm ou, antre montan total la. Sa a se pa yon valè nominal kontra asirans ou yo. Ou kapab bezwen rele konpayi asirans ou pou ede reponn kesyon sa a.

$ ___ , ___ . ___

**6.** Èske kèk lajan sous ki endike nan **kesyon 4 ak 5** pou fè depans pou antèman? **Si w di WI, ale nan kesyon 7.**
Si w di **NON**, mete yon ti ☒ nan kaz **NON** epi ale nan kesyon 7.

**OU MENM:** ☐ **NON**

**MARI OSWA MADANM:** ☐ **NON**

**7.** Apa kay ou ak teren kote kay la bati a, èske ou menm oswa mari oswa madanm ou, si w marye epi w ap viv ansanm avèk mari oswa madanm ou posede nenpòt byen imobilye?
Egzanp byen imobilye se kay pou vakans lete, byen lokasyon oswa teren ou posede ki poko devlope.

☐ **WI** ☐ **NON**

**8.** San kote mari oswa madanm ou si w marye, konbyen lòt manm fanmi k ap viv lakay ou epi ki resevwa **omwen yon mwatye** sipò finansye ou oswa mari oswa madanm ou? Nou konsidere manm fanmi se moun ki gen relasyon sangen, maryaj oswa adopsyon.

Mete yon ☒ nan yon kaz sèlman. **Pa ajoute tèt ou oswa mari oswa madanm ou nan kantite ou antre a.** Si e oumenm ak mari oswa madanm ou k ap viv nan kay la sèlman, mete yon ☒ nan kaz **OKENN**.

☐ **OKENN** ☐ **1** ☐ **2** ☐ **3** ☐ **4** ☐ **5** ☐ **6** ☐ **7** ☐ **8** ☐ **9 OSWA PLIS**

**9.** Si ou menm oswa mari oswa madanm ou, si w marye epi n ap viv ansanm resevwa revni nan nenpòt sous ki nan lis anba a, tanpri antre revni total ou resevwa pa mwa a. **Si montan an chanje chak mwa oswa si w pa resevwa li chak mwa, antre revni mwayen an pa mwa pou ane pase pou chak kalite ki** nan kaz apwopriye yo. Pa rapote salè ak travay endepandan, revni sou enterè, asistans piblik, ranbousman medikal oswa peman swen pou timoun adoptif la a. Si ou menm oswa mari oswa madanm ou pa resevwa revni nan yon sous ki nan lis anba a, mete yon ☒ nan kaz **OKENN** pou sous la..

| | | **Benefis pa mwa** |
|---|---|---|
| • Benefis sekirite sosyal **anvan dediksyon** | ☐ **OKENN** | $ ___ , ___ . ___ |
| • Benefis retrèt chemennfè **anvan dediksyon** | ☐ **OKENN** | $ ___ , ___ . ___ |
| • Benefis pou veteran **anvan dediksyon** | ☐ **OKENN** | $ ___ , ___ . ___ |
| • Lòt pansyon oswa anwite anvan dediksyon. Pa ajoute lajan ou resevwa nan okenn sous ou te mete nan kesyon 4. | ☐ **OKENN** | $ ___ , ___ . ___ |
| • Lòt revni ki pa nan lis anwo a, avèk tou pansyon alimantè, revni nè pou lokasyon, konpansasyon travayè, elatriye. (Endike): ______________________________ | ☐ **OKENN** | $ ___ , ___ . ___ |

**10.** Èske nenpòt kantite lajan ou mete nan kesyon 9 la diminye pandan de (2) dènye ane yo?

☐ **WI** ☐ **NON**

**11.** Pa konte okenn moun ki ede ou peye pou nenpòt nan depans sa yo ki fèt nan kay la –manje, prè ipotekè, lwaye, konbistib oswa gaz pou chofaj, elektrisite, dlo ak enpo lokatif? **PA mete** koupon pou manje (food stamps), reparasyon kay, èd ou resevwa nan yon biwo lojman, yon pwogram asistans pou enèji, repa sou woulèt, kontribisyon nan bank manje, soup vyann poul oswa èd avèk tretman medikal ak medikman. Pa ajoute ti kantite lajan ou bay pafwa oswa sanzatann.

☐ **WI** ☐ **NON**

Si w mete yon ☒ nan kaz **WI**, antre kantite lajan pa mwa oswa, si kantite lajan an chanje chak mwa, antre kantite lajan mwayen chak mwa pou ane pase.

$ ___ , ___ . ___

**Si w te travay nan de (2) dènye ane yo, ou dwe reponn kesyon 12-16. Si w marye epi w ap viv ansanm avèk mari oswa madanm ou epi youn nan nou te travay nan de (2) dènye ane yo, ou dwe reponn kesyon 12-16. Si non, siyen aplikasyon an nan paj 6 epi retounen li ban nou.**

**12.** Kisa w prevwa touche an salè anvan taks **ane sa a**?

**OU MENM:** ☐ **OKENN** $ ☐☐☐ , ☐☐☐ . ☐

**MARI OSWA MADANM:** ☐ **OKENN** $ ☐☐☐ , ☐☐☐ . ☐

**13.** Konbyen lajan ou prevwa w ap fè nan salè apre taks oswa nan pèt nan travay endepandan ou pou ane **ane sa a**? Mete yon ☒ nan kaz **OKENN** si w pa yon travayè endepandan epi ale nan kesyon 14.

**OU MENM:** ☐ **OKENN** $ ☐☐☐ , ☐☐☐ . ☐

**MARI OSWA MADANM:** ☐ **OKENN** $ ☐☐☐ , ☐☐☐ . ☐

Mete yon ☒ nan kaz yo si ou menm oswa konjwen ou prevwa yon pèt total. → **OU MENM:** ☐ **MARI OSWA MADANM:** ☐

**14.** Èske kantite lajan ou mete nan kesyon 12 oswa 13 la te diminye nan de (2) dènye ane yo? ☐ **WI** ☐ **NON**

**15.** Si ou menm oswa mari oswa amdanm ou te sispann travay an 2007 oswa 2008, oswa si nou planifye pou sispann travay an 2008 oswa 2009, antre mwa a ak ane a.

***EGZANP***

**Pou mwa janvye jiska mwa septanm, mete yon zewo (0) nan premye kaz la. Mwa me 2007 ta dwe li konsa:**

| 0 | 5 | 2 | 0 | 0 | 7 |
|---|---|---|---|---|---|
| M | M | A | A | A | A |

**OU MENM:** ☐☐ (M M) 2 0 ☐☐ (A A A A)

**MARI OSWA MADANM:** ☐☐ (M M) 2 0 ☐☐ (A A A A)

**Si w poko gen 65 kan, reponn kesyon 16 la. Si w marye epi w ap viv ansanm avèk mari oswa madanm ou epi youn nan nou poko gen 65 ane, reponn kesyon 16 la. Si non, siyen aplikasyon an nan paj 6 epi retounen li ban nou.**

**16.** Èske ou menm oswa mari oswa madanm ou gen pou peye pou atik ki pèmèt nou travay? N ap konsidere sèlman yon pati nan salè ou kòm limit revni si w travay epi ou resevwa benefis Sekirite Sosyal selon yon enfimite oswa poutèt ou avèg epi ou fè depans ki asosye avèk travay san w pa jwenn ranbousman. Men egzanp depans sa yo: frè tretman medikal ak medikaman pou maladi SIDA, kansè, depresyon oswa epilepsi; yon chèz woulant; sèvis swen pèsonèl; chanjman veyikil, èd chofè oswa lòt bezwen transpò ki asosye ak travay; teknoloji pou bay èd ki asosye ak travay; depans pou chen gid; èd pou sans ak vizyon; epi tradiksyon an Bray.

**OU MENM:** ☐ **WI** ☐ **NON** **MARI OSWA MADANM:** ☐ **WI** ☐ **NON**

PA RANPLI PATI SA A. SA A SE PA YON APLIKASYON.

# Siyati
# ENFÒMASYON ENPÒTAN – TANPRI LI YO AVÈK ATANSYON

Mwen/Nou rekonèt depi mwen/nou soumèt aplikasyon sa a, mwen/nou deklare anba sanksyon pou fo temwayaj mwen/nou egzamine tout enfòmasyon ki sou fòm sa a epi yo vrè ak kòrèk selon tout sa mwen/nou konnen. Mwen/nou rekonèt Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) ap verifye deklarasyon mwen/nou yo pou li konpare dosye li yo avèk dosye biwo gouvènman federal, gouvènman leta ak gouvènman lokal, avèk tou Internal Revenue Service (IRS) pou asire desizyon an kòrèk.

Depi w soumèt aplikasyon sa a, mwen/nou otorize SSA jwenn epi divilge enfòmasyon ki asosye avèk revni, resous ak byen lokal ak nan peyi etranje mwen/nou genyen, ki annakò avèk lwa entimite ki aplikab. Enfòmasyon sa yo ka genyen, men pa sèlman, enfòmasyon sou salè, balans kont, envestisman, kontra asirans, benefis ak pansyon mwen/nou.

Mwen/nou deklare anba sanksyon pou fo temwayaj men/nou egzamine tout enfòmasyon ki sou fòm sa a epi enfòmasyon yo vrè ak kòrèk dapre tout sa mwen/nou konnen.

**Tanpri ranpli Seksyon A. Si w pa kapab siyen, yon reprezantan ka siyen pou ou. Si yon moun ede ou, ranpli Seksyon B a tou.**

## SEKSYON A

| Siyati Ou: | Dat: | Nimewo telefòn: ( ____ ) _____ — _____ |
|---|---|---|
| Siyati mari oswa madanm: | Dat: | |

| Adrès Postal ou: | Apatman #: |
|---|---|

| Vil: | Eta: | Kòd postal: |
|---|---|---|

Si w te chanje adrès postal nan twa (3) dènye mwa yo, mete yon **X** la a: ☐

Si w pi pito nou kontakte yon lòt moun si nou ta gen lòt kesyon, tanpri ban nou non moun nan ak nimewo telefòn pou kontakte li lajounen.

| Prenon an Majiskil: | Non fanmi an Majiskil: | Nimewo telefòn: ( ____ ) _____ — _____ |
|---|---|---|

## SEKSYON B

Si yon moun te ede ou, tanpri mete yon **X** nan kaz ki dekri kimoun ou ye epi bay rès enfòmasyon yo mande anba a.

☐ Manm Fanmi ☐ Avoka ☐ Lòt Avoka ☐ Lòt, endike: ______________ ____________________

☐ Zanmi ☐ Biwo ☐ Travayè Sosyal

| Prenon an Majiskil: | Non fanmi an Majiskil: | Nimewo telefòn: ( ____ ) _____ — _____ |
|---|---|---|

| Adrès : | Apatman #: |
|---|---|

| Vil: | Eta: | Kòd postal: |
|---|---|---|

# Lwa sou Enfòmasyon prive / Notifikasyon Diminisyon Dokiman

Seksyon 1869 D-14 *Social Security Act* (Lwa sou Sekirite Sosyal) otorize ranmasaj enfòmasyon yo mande sou fòm sa a. Enfòmasyon ou bay yo ap sèvi pou pèmèt Administrasyon Sekirite Sosyal detèmine si w kalifye pou èd pou peye patisipasyon ou nan plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon. Ou pa gen obligasyon pou ban nou enfòmasyon nou mande yo. Men, si w pa bay enfòmasyon yo, nou p ap anmezi pou pran yon desizyon kòrèk nan bon moman sou aplikasyon ou. Nou ka bay enfòmasyon ki nan fòm sa a pou lòt biwo gouvènman federal, leta oswa lokal pou ede nou detèmine kalifikasyon ou pou resevwa èd siplemantè oswa si lalwa federal mande pou nou divilge enfòmasyon yo.

Nou ka itilize enfòmasyon ou ban nou yo tou lè n ap koresponn dosye yo nan òdinatè. Pwogram pou koresponn dosye yo konpare dosye nou yo avèk pa lòt biwo gouvènman federal, gouvènman leta oswa gouvènman lokal. Anpil biwo ka itilize pwogram pou koresponn dosye pou jwenn oswa pwouve yon moun ranpli kondisyon pou benefis gouvènman federal la peye. Lalwa pèmèt nou fè sa menm si w pa dakò. Gen esplikasyon ki disponib nan biwo Sekirite Sosyal yo konsènan rezon sa yo ak lòt rezon ki fè enfòmasyon ou ba nou yo ka itilize oswa divilge nan biwo Sekirite Sosyal. Si w vle konnen plis sou sa, kontakte nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

Deklarasyon Lwa pou Diminisyon Dokiman—Ranmasaj enfòmasyon sa yo satisfè kondisyon 44 U.S.C. § 3507, selon amannman nan seksyon 2 *Lwa 1995 pou Diminisyon Dokiman*. Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo sof si nou bay yon nimewo valid Biwo Jesyon ak Bidjè. Nou estime sa ap pran apeprè 35 minit pou li enstwiksyon yo, ranmase enfòmasyon yo epi reponn kesyon yo. Ou ka voye kòmantè sou estimasyon tan an anba a bay: SSA, 6401 Security Blvd., Baltimore, MD 21235-6401. **Voye sèlman kòmantè ki gen pou wè ak estimasyon tan nou nan adrès sa a, men pa voye fòm ou ranpli a.**

VOYE FÒM RANPLI A BAN NOU NAN ADRÈS KI SOU ANVLÒP KI TOU GEN ADRÈS RETOU A:

**Administrasyon Sekirite Sosyal**

**Wilkes-Barre Data Operations Center**

**P.O. Box 1020**

**Wilkes-Barre, PA 18767-9910**

Κατάστημα Κύπρου

Το νέο κατάστημα της IKEA στην Κύπρο άνοιξε στις 6 Σεπτεμβρίου! 20.000 τ.μ. σας περιμένουν να τα εξερευνήσετε. Στο κατάστημα IKEA θα βρείτε τα πάντα για το σπίτι. Με 6.500 προϊόντα για κάθε γούστο και ανάγκη, παιδότοπο, εστιατόριο, bistro, Σουηδικό κατάστημα τροφίμων και άνετο parking, η επίσκεψη στην IKEA είναι μια ευχάριστη εμπειρία για όλη την οικογένεια.

# Εντοπίστε το κατάστημα

Για να μάθετε που βρίσκεται το κατάστημα και πολλές άλλες πληροφορίες, απλά επιλέξτε το:

Κύπρος




**Διεύθυνση**
Βεργίνας 1
2025 Στρόβολος
Λευκωσία
τηλ. (+357) 22 502 502
fax (+357) 22 502 599

e-mail: cs.cyprus@IKEA.com.cy

**ΩΡΕΣ ΛΕΙΤΟΥΡΓΙΑΣ**
Θερινό ωράριο(1/4-31/10)
Δευτέρα – Παρασκευή: 10.00-20.00
Τετάρτη: 10.00–15.00
Σάββατο: 09.00–19.30

Χειμερινό ωράριο(1/11-31/3)
Δευτέρα – Παρασκευή: 10.00-19.30
Τετάρτη: 10.00–15.00
Σάββατο: 09.00–19.00

Θέλετε να γίνετε μέλος της ομάδας μας;
Επισκεφθείτε το http://www.fourlisgroup-careers.gr και υποβάλετε το βιογραφικό σας σημείωμα.

أهلاً وسهلاً بك!

تقدّم وكالة شؤون الخدمات الإنسانية (Agency of Human Services) المساعدة والخدمات والدعم لسكان ولاية ڤيرمونت بغض النظر عن أعمارهم من خلال برامج ومنظمات مجتمعية كثيرة. يرجى الاطلاع على القائمة التالية لترى كيف يمكننا مساعدتك.

- التبنّي / الرعاية البديلة للأطفال ("فوستر كير")
- تنمية الأطفال
- حماية الأطفال
- إعالة الأطفال
- الرعاية الصحية
- التأمين الصحي
- المساعدة الغذائية
- الإسكان / المأوى
- المساعدة في دفع مصاريف تكلفة الوقود
- المساعدة في دفع مصاريف تكلفة الكهرباء
- المساعدة في دفع مصاريف تكلفة الهاتف
- الرعاية النهارية للأطفال ("تشايلد كير")
- رعاية المسنين
- الصحة العقلية والصحة العاطفية
- خدمات للعجّز والصم والمكفوفين
- العمل
- الدخل
- المساعدة في الشؤون القانونية
- الحماية
- النقل

للاستفسار عن الجهة التي يمكنك أو يمكن لأفراد عائلتك الحصول على مساعدة منها، فيرجى الاتصال بولاية ڤيرمونت على الرقم 2-1-1.

اتصل بالرقم 211 من هاتفك.

تحدّث مع من يجاوب على مكالمتك باللغة الإنكليزية قائلاً: "I want an interpreter who speaks Arabic".

انتظر على الهاتف لبضع دقائق بينما يقوم الشخص العامل في ١-١-٢ بعمل الترتيبات اللازمة لوضع المترجم الشفهي على الخط.

سيتحدث المترجم معك ومع الشخص العامل في 1-1-2 على الهاتف.

سيسألك الشخص العامل في 1-1-2 عن ما تحتاج إليه. وسيعلمك عن البرامج أو المنظمات التي قد تكون قادرة على مساعدتك وعن طريقة الاتصال بها.